

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data dina bab IV, bisa dicindekeun yén novél *Saéni* diwangun ku unsur-unsur struktural (téma, fakta carita, jeung sarana carita) jeung unsur semiotik (ikon, indeks, jeung simbol). Sakumna tokoh nu aya dina *Saéni* ngagambarkeun kabiasaan-kabiasaan di lingkunganana séwang-séwangan. Lingkungan basisir, lingkungan pagunungan digambarkeun sacara jelas ku pangarang.

Ieu novél miboga téma percintaan, kabungbulenganana hiji tokoh pamuda nu mikacinta ka indung téréna. Galur anu dipaké ku pangarang nya éta bobok tengah. Novél *Saéni* aya 24 palaku. Tina 24 palaku ngawengku dua palaku utama nya éta Ijan jeung Nyi Saéni, tilu palaku tambahan nya éta Bapa, Ki Cindul, jeung Mbok Sayu, sarta 19 palaku piguran nya éta Ndi Angrum, Mbok Rawi, Kudil, Sapiy, Juman, Bibi, Mang Toléng, Nyi Umin, Nyi Lomrah, Si Kamun, Pa Lurah, Uja, Kulup, Keming, Junéd, Mukri, Péndi, Mang Kandi, jeung Ki Baidin. Latar dina ieu novél aya 19 latar tempat, 42 latar waktu, sarta maké latar sosial lingkungan masarakat handap jeung luhur. Pangarang ngagunakeun puseur panitén jalma kahiji. Dina nyaritakeun eusi novél pangarang mindeng ngagunakeun gaya basa ngupamakeun. Amanat dina ieu novél nya éta ulah haben ngagugu hawa nafsu, dina nyanghareupan pasualan kudu dibarengan ku katenangan, ulah ngimpleng luhur teuing, jeung ulah wani-wani ngareumpak aturan agama.

Salian ti struktur, anu dianalisis téh nya éta unsur semiotikna. Dumasar hasil analisis kapanggih dalapan ikon, 42 indeks, sarta 37 simbol.

Patalina jeung bahan pangajaran, téks carita nu aya dina novél *Saéni* bisa dijadikeun alternatif bacaan pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA kelas

XI. Novél *Saéni* luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran lantaran miboga unsur budaya, basa wewengkon, sarta étika nu hadé. Ku kituna ieu hasil panalungtikan téh dipatalikeun jeung bahan pangajaran.

5.2 Saran

Tina hasil ieu panalungtikan tangtu masih kénéh loba kahéngkéran. Ku kituna pikeun ngaronjatkeun hasil panalungtikan, ieu di handap aya sababaraha saran nu kudu diperhatikeun.

- 1) Pikeun panalungtik saterusna, ieu panalungtikan ukur museur kana struktural jeung semiotik laju dipatalikeun jeung bahan pangajaran wungkul. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan anu ngaguar ngeunaan ajén budaya, ajén atikan, jsb.
- 2) Pikeun guru, dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung semiotik dina pangajaran sastra.
- 3) Pikeun masarakat, dipiharep bisa mikaresep kana novél-novél sunda sarta bisa mikanyaho kana adat jeung kabudayaan nu aya di tatar Sunda.